



Depatman Sèvis Enspeksyon

Majistra Martin J. Walsh

Prevansyon pou Kowonaviris pa Pwopaje nan Etablisman k ap Sèvi Manje

Kowonaviris se yon viris respiratwa epi anjeneral li pwopaje nan sekresyon respiratwa (ti gout likid ki soti nan tous ak nan estène) yon moun ki enfekte bay yon lòt moun. Sentòm COVID-19 genyen ladann fyèv, tous, souf kout, ak, nan ka grav, nemoni (likid nan poumon). Poko gen enfòmasyon klè sou ki fasilite kowonaviris pwopaje.

Plis enfòmasyon sou COVID-19 disponib nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-nCoV/clinical-criteria.html>.

Pran prekosyon pou kenbe etablisman w lan an sekirite:

- Afiche pano pou moun lave men yo. Lave men ak savon epi dlo cho pandan omwen 20 segonn.
- Siveye pratik liyèn anplwaye yo. Evite manyen bouch, zye, ak figi w.
- Bay aksè ak dezenfektan pou men ki fèt ak alkòl ak jèl chak fwa yo fin lave pou anplwaye ak kliyan yo.
- Detèmine risk rekòmandasyon pou retire sèvis otomatik: istansil ki ekspoze, jetab ak resiklab ki aksesib pou piblik ki reprezante pi gwo risk la. Egzanp lan gen ladann resipyan ki gen gwo kantite kondiman oswa yon sèl, distribitè ekipman, istansil plastik, pensèt, kèp a kouvèti pou evite ekspozisyon lè plizyè moun manyen yo. Si yo pa ka retire atik sèvis otomatik yo, sèvi ak ekipman ki distribye poukont yo epi pran abitud netwaye ak dezenfekte pou diminye risk la.
- Pran abitud netwaye ak dezenfekte bagay moun touche souvan, ak sifas (tankou twalèt, manch pòt, kontwa, tab, aparèy elektwonik) ak dezenfektan ki anrejistre nan EPA ki efikas kont kowonaviris. Viris COVID-19 la gendwa siviv pandan plizyè jou.
- Mete pwosedi alekri disponib pou netwayaj apre vomisman oswa dyare.
- Afiche ak revize règleman maladi a ak anplwaye yo. Siveye sentòm anplwaye ki genyen tous, k ap estènye, ki gen dyare, vomisman oswa fyèv. Swiv règleman eksklizyon ak restriksyon pou manipile manje ak egzijans pou sèvi lakay ou si w malad.
- Enfòme otorite yo sou tout maladi alimantè ki konfime.
- Ankouraje peman otomatik pou limite manipilasyon lajan.
- Evite zòn ki gen foul epi asire w ke gen vantilasyon apwopriye.
- Kenbe twalèt yo ranpli ak savon, papyè twalèt oswa sechwa otomatik.
- Gen pano ak fòmasyon ki disponib la
a: http://www.mafoodsafetyeducation.info/fs_work/teaching_tips.html
- Rete enfòme.